

# Li posib pou evite Epatit B.

Mande depatman sante lokal ou a kijan ou kapab fè pou rete an sante. Yo kapab ba ou resous, tankou kote pou ou al pran vaksen, pwofesyonèl swen sante ki trete epatit B, ak plis toujou!

## Èske ou te konnen?

Gen yon vaksen fanmi ou kapab pran pou pwoteje nou kont enfeksyon viris epatit B a (HBV an angle). Yon gwoup piki pandan detwa mwa kapab pwoteje nou kont HBV.

HBV se koz prensipal kansè nan fwa. Li enpòtan pou ou swiv sante ou, ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou.

Men kèk bagay ou kapab fè pou w evite bay moun enfeksyon HBV a: pa fè sèks san pwoteksyon, pa pataje razwa, bwòs dan, tay zong, zegwi ak sereng, oswa glikomèt. Fason HBV simaye plis se nan san ak likid ki soti nan kò moun.

*Jèn Moun k ap viv ak Epatit B*

Depatman sante lokal ou a se:



**Jèn Moun k ap viv ak Epatit B**

**Ou kapab viv an sante!**





*“Mwen gen epatit B, men mwen pa pral kite l anpeche mwen viv lavi mwen. Plis mwen aprann sou maladi a, plis m ap ka pran swen tèt mwen...ak lòt moun yo pi byen.”*

## Kisa epatit B ye?

Enfeksyon epatit B a se yon viris yo jwenn nan san an ki lakòz li. Li kapab simaye pandan sèks ak lè w gen kontak ak bagay ki ka enfekte ak san, tankou razwa, bwòs dan, tay zong, zegwi ak sereng, ak glikomèt. Viris epatit B a (HBV) kapab viv sou sifas yo pou jiska yon semèn.

## Sa ou bezwen konnen:

HBV se yon maladi ki simaye nan san ak likid ki soti nan kò moun. Li pi komen kay moun k ap viv nan sèten pati nan mond lan. Men, nenpòt moun ki gen kontak ak san oswa likid ki soti nan kò yon moun ki enfekte gen risk pou pran li.

Nou rekòmande pou nenpòt moun k ap viv ak ou al fè tès pou HBV. Si yo pa gen viris la, yo ta sipoze al pran vaksen. Sa a se pou pwoteje yo kont HBV.

## Èske mwen bezwen di moun si mwen gen epatit B?

Non, ou pa bezwen di moun afè ou. Men, ou ta dwe pran plis prekosyon pou w pa pataje bagay pèsònèl ou ak lòt moun. Sa vle di piga ou pataje okenn bagay ki te kapab pran kontak ak san oswa likid ki soti nan kò w yo. HBV kapab viv sou sifas yo pou jiska yon semèn.

Si ou nan relasyon seksyèl, toujou itilize yon kapòt oswa yon lòt pwoteksyon baryè latèks. Sa pral pwoteje moun ou nan relasyon avè li a pandan tibèf, sèks nan dèyè ak sèks nan vajan. San ak likid ki soti nan kò a tankou espèm ak likid ki soti nan vajan an, gen HBV ladan yo. Li t ap bon si ou di moun ou nan relasyon seksyèl ak yo pou yo al pran vaksen. Sa a se pi bon fason pou w pwoteje yo kont enfeksyon HBV a.

## Bagay sa yo PA simaye epatit B:

- ❖ Manje ak dlo
- ❖ Estènen oswa touse
- ❖ Anbrase oswa bo
- ❖ Bay tete
- ❖ Kenbe men oswa sere nan bra

## Rezon pou ou pran vaksen yo:

- ❖ Pwoteje moun ou nan relasyon seksyèl avè yo pou yo pa pran enfeksyon HBV a.
- ❖ Pwoteje moun k ap viv nan menm kay ak ou yo paske ou gen HBV.

## Sonje:

Ou kapab toujou viv yon vi nòmal ak HBV, epi menm fè yon timoun. Diskite kijan ou kapab evite bay tibebe a HBV (transmisyon perinatal) ak pwofesyonèl swen sante ou.

Si ou gen kote ki blese oswa maleng ki ouvri, pa blye kouvri yo pou san an pa enfekte lòt moun.

HBV se koz prensipal kansè nan fwa Ozetazini. Swiv sante ou epi di pwofesyonèl swen sante ou nenpòt chanjman ki genyen.

Souvan, moun ki gen HBV yo pa santi okenn sentòm.

Enfeksyon HBV egi se yon nouvo enfeksyon (ki gen mwens pase 6 mwa). Enfeksyon kwonik vle di ou te enfekte depi plis pase 6 mwa. Yon analiz san kapab di ou si kò ou te elimine viris la poukont li. Konsilte pwofesyonèl swen sante ou pou fè tès swivi.